

## **MEDIA POP UP BOOK KANGGE PASINAON TATA UPACARA PENGANTEN GAGRAG NGAYOGYAKARTA SISWA SMA KELAS XII**

### **MEDIA POP-UP BOOK FOR LEARNING CEREMONY STYLE WEDDING NGAYOGYAKARTA FOR HIGH SCHOOL STUDENTS XII**

Dening: Alfian Anggoro Mukti, Prodi Pendidikan Bahasa Jawa, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Yogyakarta

#### **Sarining Panaliten**

Panaliten menika gadhah tigang ancas, inggih menika kangge ngandharaken: (1) caranipun damel *media pop up book* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat kangge siswa SMA kelas XII; (2) pambijining *kualitas media pop up book* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat kangge siswa SMA kelas XII lumantar *validasi* dening *ahli materi saha ahli media*; (3) pamrayogi saking guru lan siswa tumrap *media pop up book* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat kangge siswa SMA kelas XII. Panaliten menika kalebet jinis panaliten *Research and Developoment (R&D)*. Panaliten menika kadhapak saking gangsal *tahap* inggih menika: *analysis, design, development, implementation, saha evaluation*. *Produk media* menika pikantuk *validasi* dening *dosen ahli materi saha dosen ahli media* ngantos pikantuk *kualitas media* ingkang sae saha *layak* dipun*ujicoba* wonten sekolah. *Ujicoba* dipuntindakaken lan pikantuk pambiji dening guru basa Jawi sarta pamanggih saking siswa. Cara ngempalaken *data* ngginakaken *angket*, wondene cara *analisis data* ngginakaken *analisis deskriptif*. Asiling panaliten nedahaken bilih *media* menika dipundamel kanthi nglampahi *tahap* (1) *analysis*: katindakaken kanthi *analisis kurikulum saha analisis kawontenan siswa*; (2) *design*: katindakaken kanthi damel *flowchart saha storyboard* kanthi dhasar *materi* ingkang dipunkempalaken; (3) *development*: katindakaken kanthi damel *pop up book* ngginakaken *teknik manual saha teknik komputer, validasi dosen ahli materi saha media, lajeng revisi produk*; (4) *implementation*: dipuntindakaken kanthi *ujicoba produk* dhateng siswa kelas XII SMA Negeri 1 Wonosari; (5) *evaluation*: katindakaken kanthi ngukur jumbuhipun *media* kaliyan ancas *produk*. *Validasi dosen ahli materi* pikantuk *persentase* 93,33% ingkang kagolong sae sanget, wondene *validasi dosen ahli materi* pikantuk *persentase* 75,56% ingkang kagolong sae ing *tahap* sepisan lan pikantuk *persentase* 82,22% ingkang kagolong sae sanget ing *tahap* kalih. Pambiji dening guru pikantuk *persentase* 100% ingkang kagolong sae sanget, wondene pamanggih siswa pikantuk *persentase* 85,77% ingkang kagolong sarujuk sanget. Asiling pambiji pungkasan pikantuk *persentase* 90,33% ingkang nedahaken bilih *media pasinaon pop up book* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta saged narik kawigatosan saha nggampilaken siswa anggenipun sinau tata upacara adat manten salebetipun pasinaon basa Jawi.

*Kata kunci: media pasinaon, pop up book, tata upacara penganten, kelas XII SMA*

#### **Abstract**

This research has three objectives to explain: (1) how to make learning media pop-up book for learning ceremony style wedding Ngayogyakarta for high school students of class XII, (2) quality assessment media pop-up book for learning ceremony style wedding Ngayogyakarta for high school students XII, (3) the advice of teachers and students to the media pop-up book for learning Ngayogyakarta style wedding ceremony for high school students of class XII. This research includes studies Research and Development (R & D). This study is made up of five phases: analysis, design, development, implementation, and evaluation. This study media product gets validation of matter experts lecturer and media expert lecturer to get good quality of the media and decent media tested in schools. Experiments done and get the value of the Java language teacher and suggestions from students. The collecting data is by using questionnaires, while the means of data analysis using descriptive analysis. The results showed that the media made it past the stage (1) analysis: performed by analysis and analysis of the state of students curriculum; (2) design: done by creating a flowchart and storyboards with the base material that has been collected; (3)

development: done by creating a pop-up book using manual techniques and computer engineering, validation lecturer matter experts and media experts, and revision of the product; (4) the implementation: done by testing the product to the class XII students of Senior High School 1 Wonosari; (5) evaluation: performed by measuring the relationship of media with the purpose of the product. Validation matter expert lecturers a percentage 93.33% were classified as Sae Sanget, while validation media expert lecturers a percentage 75.56% in the first stage and 82.22% in the second stage are classified as Sae Sanget. Teacher gives a score with a percentage of 100% were classified as Sae Sanget, while the student opinion a percentage 85.77% were classified as Sarujuk Sanget. Results last a percentage value of 90.33% which indicates that the media learned a pop up book style wedding ceremony Ngayogyakarta could attract and facilitate students when studying wedding ceremonies in learning the Javanese language.

## A. PURWAKA

Pasinaon ing salebetipun piwulang basa Jawi kangge kelas XII SMA ngewrat salahsatunggaling *materi* ingkang nyinau perkawis tata upacara adat penganten. *Materi* menika adhedhasar *Kurikulum* 2013 ingkang minangka dados pathokan pasinaon lan kadayan saking wontenipun *Perda nomor 5 tahun 2011* ing tlatah *Daerah Istimewa Yogyakarta* ingkang ngewrat *Pendidikan Berbasis Budaya*.

Adhedhasar *observasi* dening panaliti nalika nglampahi *Praktik Pengalaman Lapangan* wonten SMA Negeri 1 Wonosari, pasinaon ingkang ngrembag babagan tata upacara panganten temtu kirang narik kawigatosan siswa. Guru ugi taksih kulina ngginakaken metode *ceramah* nalika ngandharaken tata upacara dhateng siswanipun. Kathah siswa ingkang rumaos ngantuk lan menawi sampun bosen sami gojek piyambak boten nggatosaken guru. Saperangan guru ugi sampun wonten ingkang ngginakaken *media video* rekaman upacara panganten, nanging andharan lampahing tata upacara kirang cetha. *Video* ingkang dipunsetel kirang saged ngandharaken kadospundi lampahipun saben adicara. Sekolah ugi boten sedaya gadhah *LCD* kangge nampilaken *video*

menika. Wusanipun siswa kirang paham lan kirang remen dhateng *materi* tata upacara panganten ingkang sejatosipun perangan saking *Pendidikan Berbasis Budaya*.

Perkawis-perkawis ingkang ingkang sampun kasebut menika kedah dipunadosaken cara supados sedaya perkawis kala wau boten ndadosaken pepalang wontenipun pasinaon. Pramila panaliti lajeng damel media ingkang saged narik kawigatosan siswa, cetha andharanipun *materi* nanging boten mboseni, lan boten perlu ngginakaken piranti *IT* ingkang boten sedaya sekolah gadhah. Anggenipun ngginakaken *media* menika ugi boten perlu mawi pitedah-pitedah tartamtu, ateges sedaya tiyang saged ngginakaken. Siswa ugi saged ngginakaken lan mangertos wujud *materi* saking *media* pasinaon kanthi cara langsung. *Media* pasinaon menika awujud *pop up book*. *Media* kanthi wujud *pop up book* menika saged nambah greget siswa anggenipun sinau ugi nggampilaken guru anggenipun njlentrehaken *materi*.

Adhedhasar wedharan ing inggil pramila wosing perkawis ingkang dipunbar wonten salebetipun panaliten inggih menika cara damel *media pop up book* tata upacara panganten gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat kangge siswa SMA

kelas XII, pambiji saha *validasi* dening *ahli materi* saha *ahli media* dhateng *media pop up book* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat minangka dados *uji kualitas media*, lan ingkang pungkasan pamrayogi saking guru lan siswa tumrap *media pop up book* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta Hadiningrat.

Wontenipun panaliten menika lajeng gadhah paedah teoritis kangge suka *wawasan* kangge damel media pasinaon sanesipun, nambah *variasi media* pasinaon ingkang tansah anut lampahing jaman, siswa saged langsung mangertos wujud-wujud nyata materi ingkang badhe kaandharaken wonten salebetipun pasinaon, saha panaliten menika ugi saged dados gambaran, *referensi*, lan *inspirasi* kangge panaliten sanes, mliginipun ingkang jumbuh kaliyan materi *pendidikan berbasis budaya*. Kajawi paedah *teoretis* ugi wonten paedah *praktis* kangge guru, siswa, lan sekolah ingkang ngraosaken *dampak* sacara langsung kanthi wontenipun panaliten menika.

## B. GEGARAN TEORI

Tembung *media* kadhapuk saking basa *Latin*, inggih menika *medias* (Arsyad, 2013: 3) ingkang tegesipun tengah, panglantar, utawi bebuka. Ananging sacara mligi, *media* ing salebetipun *proses* pasinaon langkung dipuntegesi magepokan kaliyan piranti *grafis*, *photografis*, utawi *elektronis* kangge nyepeng, mproses, lan nyusun malih *informasi visual* utawi *verbal*. Pamanggih sanes saking Daryanto (2010: 4) mratelakaken bilih *media* pasinaon menika sedaya

babagan ingkang saged dipunginakaken kangge nglantaraken gagasan (bahan pasinaon), satemah saged nuwuhaken kawigatosan, *minat*, pikiran, lan rasa siswa ing salebetipun *kegiatan belajar mengajar* kangge nggayuh ancasing pasinaon. Pamanggih menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Hamidjoyo (1988: 30) ingkang nganggep *media* minangka sarana lan Djamarah (1977: 137) ingkang nganggep *media* minangka pirantos.

Paedah *media* pasinaon miturut pamanggihipun saking Daryanto (2010: 5-6) lajeng dipungancaraken wonten salebetipun pamanggihipun Arsyad (2013: 29-30) ingkang mratelakaken paedah *praktis media* pasinaon inggih menika; (1) saged nyethakaken andharan gagasan lan *informasi*, (2) saged ngindhakaken lan ngarahaken kawigatosan siswa, (3) *interaksi* ingkang langkung langsung antawisipun siswa lan *lingkunganipun*, (4) saged ngatasi winatesing *indera*, papan, lan wekdal, (5) *objek* utawi barang saged dipungantos ngginakaken gambar, poto, *slide*, *realita*, film, radio, utawi *model*, (6) *objek* utawi barang ingkang alit saged dipuntampilaken kanthi pitulungan *mikroskop*, film, *slide*, utawi gambar, (7) kadadosan langka saged dipuntampilaken lumantar *rekaman video*, film, poto, *slide*, lan sanesipun, (8) *objek* utawi *proses* ingkang rumit kados *peredaran darah* saged dipuntampilaken kanthi nyata lumantar, film, gambar, *slide*, utawi *simulasi* komputer, (9) kadadosan utawi *eksperimen* ingkang saged mbebayani saged dipun*simulasi* ngginakaken *media* komputer, film, lan video, (10) kadadosan alam saged dipuntampilaken kanthi *teknik-teknik* rekaman kados *time-lapse*, (11) *media* pasinaon saged suka

pengalaman ingkang babak dhateng siswa babagan kedadosan-kedadosan ing *lingkungan*ipun.

Salajengipun jinis *media* pasnion miturut Taksonimi Lehsin, dkk (lumantar Arsyad, 2013: 81-101) kaperang dados piyantun, *media* cithak, *media visual*, *media audiovisual*, *media teknologi komputer*, saha perpustakaan minangka sumber pasinaon. Saking jinis-jinis *media* ingkang sampun kasebut ing inggil, *media pop up book* kalebet jinis *media* cithak lan *media visual*. Kalebet *media* cithak amargi wujud *media pop up book* menika kacithak awujud buku lan wonten teks-teks ingkang njlentrehaken materi. Kalebet *media visual* amargi ing salebetipun *media pop up book* menika kathah sanget ngginakaken *gambar-gambar* ingkang langkung ketinggal tinimbang *teks* menika piyambak.

Wondene ingkang dipunsebut *pop up book* inggih menika buku ingkang ganthanipun ngginakaken kertas minangka *bahan lipatan*, *gulungan*, *bentuk*, *roda* utawi *putaran* (Bluemel saha Taylor, 2012: 22). Wedharan sanes saking Dzuanda (2011: 1) *pop up book* inggih menika buku ingkang gadhah perangan ingkang saged obah utawi gadhah *unsur 3 dimensi* sarta suka *visualisasi* cariyos ingkang narik kawigatosan, wiwit saking wujuding gambar ingkang saged obah nalika saben kaca kabikak. Pangertosan sanes miturut Muktiono (2003: 65) *pop up book* inggih menika buku ingkang gambaripun saged dipujejegaken sarta dados objek-objek ingkang endah saha saged obah utawi wonten *efek* ingkang nengsemaken. *Pop up book* menika lajeng dipundamel kanthi *teknik transformations*, *volvelles*, *peepshow*, *pull tabs*, *carousel*, lan *box and cylinder*.

*Pop up book* menika lajeng dipundamel kanthi ngewrat *materi* tata upacara penganten. Dene pangertosan saking tata upacara panganten gagrag Ngayogyakarta inggih menika cara *trep nalika* ngawontenaken pasamuwan mahargya tiyang ingkang dipuntemokaken dados jodho ingkang lumrah dipunlampahi ing Ngayogyakarta. Tata upacara ingkang kasebut lumrah dipunlampahi ing Ngayogyakarta inggih menika tata upacara ingkang ngeblat dhateng tata upacara baku utawi pakem ing kraton Ngayogyakarta. Tata upacara menika lajeng dipunlampahi kanthi urutan adicara inggih menika; (1) lamaran, (2) asok tukon, peningset, lan srah-srahan, (3) majang, cethik geni, lan tarub, (4) sengeran utawa pingitan, (5) siraman, (6) ngerik, (7) tantingan lan midodareni, (8) *ijab qabul*, *sakramen pernikahan*, utawi sanesipun ingkang magepokan kaliyan sahipun nikah miturut agami, saha (9) Panggih (Pringgawidagda, 32-193).

### C. METODE PANALITEN

Panaliten menika kalebet jinising panaliten *Research and Development (R & D)*. Panaliten *R&D* menika panaliten ingkang ngasilaken *produk* utawi naker *efektifipun produk* (Sugiyono, 2014: 297). Wondene *model* panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten kanthi *model* deskriptif *prosedural*, inggih menika *model* panaliten ingkang sipatipun *deskriptif*. Cara *prosedural* kalaksanan kanthi nglampahi cara-cara tartamtu satemah saged ngasilaken satunggaling produk saha nguji *efektifipun produk* kasebut. Panaliten ingkang dipunkajengaken menika kanthi cara ngempalaken data saha informasi sakathah-kathahipun kangge ndamel *media* piwulangan kanthi wujud *pop up book*.

Miturut pamanggihipun Mulyatiningsih (2011), *prosedur* damel *media* wonten panaliten menika wonten 5 tataran ingkang kasebut ADDIE, inggih menika: (1) *analysis*, (2) *design*, (3) *development*, (4) *implementation*, saha (5) *evaluation*. Sedaya tataran menika lajeng minangka dados pandom lumampahing damel *media* pasinaon saha lumampahing panaliten menika.

Pambijinipun produk wonten ing panaliten menika ngginakaken *desain* panaliten *deskriptif*. *Desain deskriptif* menika ngandharaken asiling pambiji saking *dosen ahli materi*, *dosen ahli media*, saha guru basa Jawi sarta pamrayogi saking siswa. *Desain* pambiji produk menika dipunlampahi kanthi kalih tataran, inggih menika pambijinipun *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media* sarta pambiji saha pamrayogi saking guru basa Jawi saha siswa. Asiling panaliten dados dhasar kangge *revisi produk* supados asiling *produk* saged *layak* dipunginakaken kangge pasinaon ing sekolah.

*Kualitas media* ingkang dipunbiji dening *dosen ahli media* wonten 9 *indikator*, inggih menika: *evektifitas teks*, *trep pamilihipun gambar*, *trep pamilihipun werni*, *trep pamilihipun background*, *trep kaliyan paraganipun*, *daya tari penekanan*, *keterpaduan*, saha *kreatifitas*. *Indikator* pambiji *kualitas media* dening *dosen ahli materi* kanthi adhedhasar 6 *indikator*, inggih menika: *kualitas* anggenipun paring panjurung dhateng siswa, *materinipun* *trep kaliyan standar kompetensi*, *runtutipun wedharan materi*, *nggampilaken sinau*, *trep anggenipun ngginakaken basa*, lan *trep anggenipun ngginakaken ejaan*. *Indikator* pambiji *kualitas*

*media* dening guru basa Jawi kaperang dados 8 *indikator*, inggih menika: *materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau basa Jawi, jumbuhing *materi* kaliyan siswa kelas XII, jumbuhing *media* kaliyan *Kompetensi Dasar (KD)*, panganggenipun tembung saha *ejaanm* basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos, *media* saged dados panjurung siswa sinau basa Jawi, narik kawigatosan, saha *kreatifitas*.

*Data* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika inggih menika *data kualitatif* saha *data kuantitatif*. *Kualitatif* inggih menika *data* ingkang dipunginakaken kangge *deskripsi* samubarang ingkang ketingal, wondene *kuantitatif* inggih menika *data* ingkang padatan dipunginakaken kangge *metode scientific* (Johnson & Christensen, 2011: 33). *Data kualitatif* dipunmangertos nalika pikantuk pambiji ingkang gayutipun kaliyan *indikator*. Menawi sedaya *indikator* kapanggihaken pikantuk Sae sanget utawi Sarujuk Sanget, menawi 4 *indikator* Sae utawi Sarujuk, menawi 3 *indikator* pikantuk Cekap utawi Rangu-Rangu, menawi 2 *indikator* pikantuk Kirang Sae utawi Kirang Sarujuk, lan 1 *indikator* pikantuk Boten Sae utawi Boten Sarujuk. Saking *data kualitatif* menika lajeng dipunewahi dados *kuantitatif* kanthi nggantos pambiji dados *skor* pambiji antawisipun 1 ngantos 5.

Panaliten menika ngginakaken pirantos utawi *instrumen* panaliten data skala *likert*. Pirantos data skala *likert* menika dipundamel kanthi wujud *checklist* (Sugiyono, 2014: 94). Caranipun nganalisis data wonten ing panaliten

menika ingkang sepisan ngewahi biji *kategori* dados skor pambiji. Pambiji ingkang awujud biji *kategori* salajengipun dipunewahi dados skor pambiji (Sugiyono, 2014: 93-94). Anggenipun nganalisis skor pambiji kanthi cara ngetang *Persentase tingkat* pambiji. *Persentase* menika dipunetang kanthi cara panaliten ingkang dipunpanggihaken dipunpara skor ideal lajeng dipunpingaken 100% (Sugiyono, 2014: 95). Saking asling *persentase tingkat* pambiji menika lajeng dipunjumbuhaken kaliyan *katégorinipun* supados mangertos *kualitas media* menika kalebet sae sanget, sae, cekap, kirang, utawi kirang sanget.

Anggenipun ngesahaken *data* wonten panaliten menika ngginakaken cara *validitas* kaliyan *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *validitas interrater*. *Validitas interrater* menika dipunlampahi kanthi nyuwun pirsira dhateng *expert judgement* utawi pambiji ahli. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken menika *reliabilitas triangulasi sumber data*. *Reliabilitas* dipunlampahi adhedhasar tetandhingan antawisipun *sumber data* wonten ing panaliten menika. *Sumber data* ingkang dipuntindakaken menika asil *validasi* saking *dosen ahli materi*, *dosen ahli media*, pambiji guru basa Jawi, saha pamanggih siswa. *Data-data* menika dipunpanggihaken panaliti kangge mangertos *evaluasi produk media*. Pramila kanthi cara menika panaliti saged mangertos *media* ingkang dipundamel sampun *reliable* menapa dereng.

#### D. ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

*Media* pasinaon dipundamel kawiwitan saking tataran sepisan inggih menika tataran *analysis*. Tataran *analysis* kaperang dados 2 inggih menika *analisis kurikulum* saha *analisis kabetahan siswa* tumrap *media* pasinaon. Panaliti ngawontenaken *analisis* menika nalika nglampahi *Praktik Pengalaman Lapangan* ing SMA N 1 Wonosari ingkang ngginakaken Kurikulum 2013. Panaliti nggatosaken *Kompetensi Inti* saha *Kompetensi Dasar* ing *kurikulum*. Sasampunipun *kurikulum* menika dipunanalisis, lajeng panaliti nindakaken *analisis* kabetahan siswa. Kawontenan siswa SMA kelas XII ingkang sampun kathah nampi *materi* kangge *Ujian Nasional* perlu nampi wujud pamulangan sanes ingkang ndadosaken siswa remen.

Salajengipun tataran *design* dipunwiwiti kanthi ngempalaken *materi* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta. *Materi* ingkang sampun dipunwaos lan dipunkempalaken kala wau lajeng dipundamel *flowchart*. Sasampunipun damel *flowchart*, panaliti lajeng mara perangan tata upacara ingkang samangkenipun badhe dipundamel ing saben *adegan*. Perangan menika lajeng dipuntambahi naskah ingkang ngandharaken wedharan *singkat* dhateng adicaranipun lan dipunlebetaken wonten *storyboard*. *Storyboard* awujud tabel ingkang ngewrat *konsep kasar* saben kaca saha *naskahipun*. Cacah *adegan* ing *media* menika kaperang dados 10 *adegan*, saben *adegan* dipunlebetaken wonten setunggal kaca. Wondene *adeganipun* inggih menika (1) *adegan* lamaran,

(2) *adegan* asok tukon, paningset, saha srah-srahan dipundadosaken setunggal amargi ing *masyarakat* saged dipundadosaken setunggal ing adicara *tunangan*, (3) *adegan* majang tarub lan cethik geni dipundadosaken setunggal *adegan* amargi dipunlampahi ing wekdal ingkang urut saha sami-sami dipunlampahi dening bapak saking calon manten putri, (4) *adegan* sengeran utawi pingitan. (5) *adegan* siraman jangkep dipundadosaken setunggal *adegan*, kawiwitan saking ngabekten, ngracik toya, siraman, pecah kendhi, ngantos nandur sukerta, (6) *adegan* ngerik, (7) *adegan* taringan saha midodareni, (8) *adegan* upacara *nikah* miturut agamini ingkang dipunanut dening manten, (9) *adegan* panggih ingkang wonten sangandhaping tarub, lan (10) *adegan* panggih ingkang wonten dhampar manten

*Media pasinaon pop up book* dipundamel kanthi *teknik manual* lan *teknik komputer*, menika kalebet tataran *development*. *Teknik manual* dipunginakaken nalika damel *sketsa gambar*, *proses pemotongan*, saha *proses penyusunan*. *Teknik komputer* dipunginakaken nalika *proses coloring*, *proses editing*, saha *proses cetak/print*. Asiling *produk* salajengipun dipunevaluasi dening *dosen pembimbing*. Salajengipun *media pasinaon* dipunvalidasi dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. Sasampunipun *produk* dipunvalidasi, panaliti nindakaken *revisi produk* kangge ngleresaken kekirangan saking *produk*. Sasampunipun *produk* kaanggep boten perlu *revisi* malih ngantos pikantuk pasarujukan *uji coba*.

*Media pasinaon* ingkang sampun nampi pasarujukan *ujicoba* saking *dosen ahli materi* saha

*dosen ahli media* lajeng dipuncobi wonten *lapangan*. Panaliti nyuwun pambiji *kualitas media* saking guru basa Jawi lan siswa. *Ujicoba* menika dipuntindakaken kangge naker jumbuhipun *produk* kaliyan ancas pasinaon ingkang dipungayuh ugi mangertos kawontenan siswa nalika ngginakaken *produk media pasinaon* ingkang dipundamel dening panaliti. Pramila caranipun mangertos *produk* sampun jumbuh kaliyan materi inggih menika kanthi ngetang pambiji saking guru basa Jawi lan pamanggih siswa saking *angket*.

*Evaluation* dipunlampahi kanthi ngawontenaken *analisis media* ingkang dipunpundhut saking sedaya *data*. *Data-data* menika lajeng dipunkempalaken lan dipun*analisis* jumbuh kaliyan ancasipun *produk*. Asiling *rata-rata* pambiji saking sedaya *data-data* menika pikantuk *persentase* 90,33% ingkang kagolong sae sanget. *Analisis* menika nedahaken bilih *produk* sampun jumbuh kaliyan ancas damel *media* saha sampun *layak* dipunginakaken kangge pasinaon tata upacara panganten gagrag ngayogyakarta kangge siswa SMA kelas XII.

Salajengipun pambiji dening *kualitas media* dening *dosen ahli materi* dening Prof. Dr. Suwardi, M. Hum. pikantuk *persentase rata-rata* 93,33% lan kagolong sae sanget. Saking pambiji menika *dosen ahli materi* paring dudutan bilih *produk* sampun *layak* dipun*ujicoba* tanpa *revisi*. *Aspek* ingkang ndayani pambiji *dosen ahli materi* inggih menika *kualitas* anggenipun paring panjurung dhateng siswa, *materi*ipun trep kaliyan *Standar Kompetensi*, runtutipun wedharan *materi*,

nggampilaken sinau,trep anggenipun ngginakaken basa, saha trep anggenipun ngginakaken *ejaan*.

Pambiji dening *dosen ahli media* ingkang dipunslirani dening Avi Meilawati, S. Pd., M.A. ing *tahap* 1 pikantuk *persentase rata-rata* 75,56% ingkang kagolong sae lan ing *tahap* 2 pikantuk *persentase rata-rata* 82,22% ingkang kagolong sae sanget. Beda antawisipun *persentaserata-rata* *tahap* 1 lan *tahap* 2 inggih menika 6,66%. Tegesipun sasampunipun pikantuk pambiji lan pamrayogi saking *dosen ahli media* ing *tahap* 1 *produk* lajeng dipunrevisi satemah pikantuk pambiji *kualitas produk* ing *tahap* 2 ingkang langkung sae. Saking pambiji menika *dosen ahli media* paring dudutan bilih *produk* sampun *layak* dipunujicoba tanpa revisi malih. *Aspek* ingkang ndayani pambiji dening *dosen ahli media* inggih menika *efektivitas teks*, trep pamilihipun gambar,trep pamilihipun warna,trep pamilihipun *background*, trep kalian paraganipun, *daya tarik*, *penekanan*, *keterpaduan*, *sahakreativitas*

Panaliti lajeng ngawontenaken *ujicoba* lan mendhet *data* saking guru lan siswa. pambiji dening guru basa Jawi ingkang dipunslirani dening Tri Widodo, S. Pd. pikantuk *persentase rata-rata* 100% lan kagolong sae sanget. *Aspek* ingkang ndayani pambiji dening guru basa Jawi inggih menika *materi* ingkang dipunginakaken saged mbiyantu nggampilaken sinau basa Jawi, jumbuhing *materi* kaliyan siswa kelas XII, jumbuhing *media* kaliyan *Kompetensi Dasar*, panganggenipun tembung saha *ejaan*, basa ingkang dipunginakaken gampil dipunmangertos, *media* saged dados panjurung sinau basa Jawi, narik kawigatosan, saha *kreativitas*. Saking

pambiji menika guru basa Jawi paring dudutan bilih *produk* sampun *layak* dipunginakaken kangge sarana pasinaon.

Dene pamanggih siswa ingkang dipunpikantuk saking *angket* ingkang dipunsebar dhateng 26 siswa Kelas XII IPS 3 SMA Negeri 1 Wonosari pikantuk *persentase rata-rata* 85,77% lan kagolong sarujuk sanget. *Aspek* ingkang ndayani pamanggih siswa inggih menika *media pasinaon* saged narik pepinginan anggenipun sinau basa Jawi, *media pasinaon* gampil dipunginakaken, trep *materi* kaliyan kabteahan siswa, gampil dipuntampi *materi*ipun, basa gampil dipunmangertos, saha *media pasinaon* menika saged maringi kalodhangan siswa supados sinau kanthi *mandiri*.

Adhedhasar pambiji *media pasinaon* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta dening *dosen ahli materi*, *dosen ahli media*, guru basa Jawi, ugi pamanggih siswa kelas XII pikantuk *rata-rata persentase* 90,33% ingkang kagolong sae sanget. *Asiling rata-rata persentase* menika dipunginakaken minangka asiling pambiji pungkasan *media pasinaon* menika. *Asiling pambiji pungkasan* menika nedahaken bilih *media pasinaon pop up book* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta kangge siswa SMA kelas XII saged dipunginakaken wonten pasinaon basa Jawi ingkang saestu wonten sekolahan. Ewa semanten *media pasinaon* ingkang dipundamel dening panaliti menika taksih wonten kekiranganipun senajan ugi wonten kaluwihanipun.



## E. DUDUTAN

Panaliten ingkang dipuntindakaken menika kalebet panaliten *Research and Development (R&D)*, Panaliten *R&D* menika tegesipun panaliten ingkang ngginakaken *metode pengembangan* tartamtu kangge ngasilaken satunggaling *produk*. *Produk* ingkang dipundamel inggih menika *media* pasinaon kanthi *materi* tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta kangge siswa SMA kelas XII kanthi wujud *pop up book*. Wondene asiling panaliten saha pirembagan kaandharaken wonten ing ngandhap menika.

1. Cara damel *media* pasinaon menika ngginakaken *metode pengembangan ADDIE* ingkang ngewrat 5 tataran inggih menika: a) *analysis*: dipuntindakaken kanthi *analisis kurikulum* saha *analisis* kawontenan siswa lajeng asiling *analisis* nedahaken bilih *materi* upacara adat penganten mbetahaken sarana panyengkuyung kangge nggampilaken siswa sinau *materi* kasebut; b) *design*: dipuntindakaken kanthi damel *flowchart* saha *storyboard* kanthi lelandhesan *materi-materi* ingkang dipunkempalaken; c) *development*: dipuntindakaken kanthi ndamel *pop up book* lajeng dipunvaldiasi dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media* kangge dhasar *revisi produk*; d) *implementation*: dipuntindakaken kanthi *ujicoba* dhateng siswa kelas XII SMA Negeri 1 Wonosari; e) *evaluation*: dipuntindakaken kanthi ngukur jumbuhipun asil *media* kaliyan ancasing *produk*, wondene asiling *rata-rata* pambiji pungkasan pikantuk 90,33% ingkang kagolong sae sanget. *Media* ingkang dipundamel menika *layak*

dipunginakaken kangge pasinaon tata upacara penganten gagrag Ngayogyakarta kangge siswa SMA kelas XII.

2. *Validasi media* pasinaon menika dipuntindakaken dening *dosen ahli materi* saha *dosen ahli media*. Pambiji dening *dosen ahli materi* pikantuk asil *persentase* 93,33% ingkang kagolong sae sanget. Pambiji dening *dosen ahli media* pikantuk asil *persentase* 82,22% ingkang kagolong sae sanget.
3. Pambiji *media* pasinaon dening guru basa Jawi pikantuk asil *persentase* 100% ingkang kagolong sae sanget. Pamanggih siswa tumrap *media* pasinaon menika pikantuk asil *persentase rata-rata* 85,77% ingkang kagolong sarujuk sanget.

## KAPUSTAKAN

- Arsyad, Azhar. 2002. *Media Pembelajaran*. Jakarta: Raja Grafindo Persada.
- Bluemel & Taylor. 2012. *Pop Up Books: A Guide for Teachers and Librarians*. United States of America: Library of Congress Cataloging-in-Publication-Data.
- Bohannon, Paul. 1995. *How Cultural Works*. United States of America: Library of Congress Cataloging-in-Publication-Data.
- Crapo, Richley H. 2002. *Cultural Anthropology*. United States of America: Library of Congress Cataloging-in-Publication-Data.
- Daryanto. 2016. *Media Pembelajaran*. Yogyakarta: Gava Media.
- Dewantari. <http://dgi-indonesia.com>. (dipunakses 4 November 2016, 14.46 wib)

- Djamarah, Syaiful Bahri dan Aswan Zain. 1997. *Strategi Belajar Mengajar*. Jakarta: PT. Rineka Cipta.
- Hansen, Morris H., et al. 1953. *Sample Survey Methods and Theory*. Canada: John Wiley & Sons, Inc.
- Hamidjojo, Santoso S. 1988. *Media Pembelajaran dalam Proses Belajar Mengajar Masa Kini*. Jakarta: Depdikbud Dikti.
- Johnson, Burke & Larry Christensen. 2011. *Educational Research (fourth edition) Quantitative, Qualitative, and Mixed Approaches*. California: SAGE Publications, Inc.
- Kuntari, Umi SS. 2014. *Panduan Mudah Menjadi MC dan Ahli Pidato Bahasa Jawa: Pranataca lan Sesorah*. Yogyakarta: Percetakan Galangpress.
- Lenkeit, Roberta Edwards. 2009. *Introducing Cultural Anthropology*. United States of America: Library of Congress Cataloging-in-Publication-Data.
- Mulyatiningsih, Endang. 2011. *Pengembangan Model Pembelajaran*. Jurnal UNY. <http://staff.uny.ac.id/sites/default/files/pe ngabdian/dra-endang-mulyatiningsih-mpd/7cpengembangan-model-pembelajaran.pdf>. (dipunakses 10 Januari 2017, 22.59 wib)
- Muktiono, Joko D. 2003. *Aku Cinta Buku: Menumbuhkan Minat Baca Pada Anak*. Jakarta: Elex Media Komputindo.
- Poerwadarminta. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J. B. Wolters.
- Pringgawidagda, Suwarna. 2006. *Tata Upacara dan Wicara: Pengantin Gaya Yogyakarta*. Yogyakarta: Kanisius.
- Riefki, Tienuk. 2002. *Tata Rias Pengantin Yogyakarta Tradisional & Modifikasi Corak Paes Ageng*. Jakarta: PT. Gramedia Pustaka Utama.
- Sabuda. <http://wp.robertsabuda.com/pop-up-questions/>. (dipunakses 14 Oktober 2016, 20.10 wib)
- Sugiyono. 2014. *Metode Penelitian Pendidikan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.